



## DISKRIMINASYON NAN LOJMAN ILEGAL.



"Apatman sa a pa fèt pou yon moun nan yon chèz woulant epi mwen pa vle ou fè okenn modifikasyon."

"Mwen tandé madanm ou ansent. Nou pa vle timoun rete la a. W ap dwe kite kay la lè kontra a fini."



"Mwen pa kapab konprann ou lè w ap pale. Mwen pa alèz pou iwe kay ba yon moun mwen pa kapab konprann sa l ap di lè mwen pale avèk li."

Nan Cambridge, li illegal pou refize bay yon moun lojman akòz:

- ✓ Andikap
- ✓ Sous Revni  
(pa egzanp: refize aksepte Seksyon 8)
- ✓ Sityasyon Fanmi/Estatí sivil
- ✓ Ras/Koulè/Peyi yo soti
- ✓ Sèks/Oryantasyon seksyèl/Idantite Seksyèl
- ✓ Relijyon
- ✓ Laj (18tan oswa plis)
- ✓ Sityasyon Militè

Si oumenm oswa yon moun ou konnen te sibi diskriminasyon nan lojman, rele Komisyón Dwa Imen Cambridge kounye an nan **(617) 349-4396**.



Moun yo trete yon fason ki enjis poutèt yo manm youn oswa plizyè nan gwoup sa yo gendwa jwenn pwoteksyon anba Lwa sou Lojman Ekitab yo.

### NOU PRAL:

- ✓ Ankete sou plent lan
- ✓ Si nou jwenn prèv diskriminasyon, nou pral negosye yon antant alamyab grasa medyasyon
- ✓ Si sa nesesè, n ap òganize yon odyans jiridik; apre odyans la, n ap kapab deside bay lajan akòz domaj sa koze, enpoze sanksyon oswa mande lòt aksyon toujou

Epi Komisyón Dwa Imen Cambridge lan pral eseye fè ke sa ki te rive ou pa rive okenn lòt moun ankò!



## KISA DISKRIMINASYON NAN LOJMAN YE?

Lè kèleswa nan aksyon sa yo fèt poutèt ou fè pati nan yon gwoup ki pwoteje:

**FÈ FO DEKLARASYON KÒMSI PA GEN LOJMAN KI DISPONIB ANKÒ:** Yon pwopriyetè ki bay lwe, yon pwopriyetè kay la oswa ajan imobilye an di ou apatman an, kay la oswa kondominyòm la pa disponib menmsi se pa vre.

**REFI POU LWE OSWA VANN:** Yon pwopriyetè oswa pwofesyonèl imobilye refize lwe oswa vann ou yon lojman.

**DISKRIMINASYON NAN TÈM AK KONDISYON YO:** Yo ba ou kondisyon oswa règ ki pa menm ak sa lòt moun yo genyen.

**REFI POU APWOUVE ARANJMAN KI REZONAB:** Yon pwopriyetè lojman refize otorize yon eksepsyon nan yon règ oswa yon politik ki ta bay yon moun ki gen yon andikap menm opòtinite pou itilize ak jwi de yon apatman.

**DISKRIMINASYON MOUN KI PRETE LAJAN OSWA KONPAYI ASIRANS YO:** Ou pa kapab aplike oswa jwenn yon ipotèk, yon asirans pou pwopriyetè kay oswa yon asirans pou lokatè.

Pwopriyetè kay, vandè ak ajan imobilye dwe konsidere aplikan yo selon kritè ki neutre, tankou kapasite yo pou yo peye. Se pou yo aplike kritè sa yo menm fason pou tout moun. Gen anpil fason pou fè diskriminasyonany.

### LI ILEGAL POU:

- » Dekouraje oswa refize yon moun aplike pou yon inite lojman ki disponib
- » Di pa gen okenn lojman ki disponib pou enspeksyon, lavant owa lokasyon si se pa vre
- » Faktire oswa bay yon pri lwave oswa yon pri pou lavant ki pi wo pou yon lojman
- » Refize bay yon inite ba yon aplikan k ap resevwa asistans leta (Ikonpri Seksyon 8)
- » Refize bay lojman ba yon fanmi ki gen timoun akòz gen penti ki gen plon ladann nan kay la
- » Fè diskriminasyon nan piblisite, nan deklarasyon alekri sowa aloral
- » Pèsekite, fè presyon oswa entimide yon moun poutèt yo fè pati nan yon gwoup ki pwoteje
- » Fè vanjans kont yon moun k ap defann dwa li pou jwenn lojman ekitab
- » Refize yon aranjman ki rezonab oswa trete yon moun mal poutèt yo andikape
- » Simaye rimè chanjman rasyal pou aktive vant pwopriyete yo
- » Refize bay sèten katye prè ipotèk oswa asirans



Pou kapab jwenn tout tèks Òdonans sou Lojman Ekitab  
Cambridge (Cambridge Fait Housing Ordinance)

Ian okonplè, al gade  
wèbsayt nou an:

[www.cambridgema.gov/HRC](http://www.cambridgema.gov/HRC)  
oswa rele nou nan (617) 349-4396.



Travay ki te sèvi kòm baz pou pubblikasyon sa a te jwenn sipò finansman anba yon Antant Kooperativ avèk Depatman Etazini Lojman ak Developman Iben. Sibstans ak konklyzon travay la dedye pou pubblik la. Oté ak edité se sél moun ki responsab konsénan si déklarasyon ak entèpretasyon ki nan pubblikasyon sa a kòrèk. Entèpretasyon sa yo pa reflete nesesèman opinyon Gouvènman an.

